


Si w pè retounen nan peyi w paske lavi w, sekirite w, oswa libète w an danje, ou gen dwa mande pwoteksyon kòm refijye nan peyi Meksik.

Pwosesis pou fè demann estati refijye nan peyi Meksik



Premye etap



Fòmilyè

Lè w ap ranpli kesyonè a, esplike rezon ki fè w te kite peyi w ak rezon ki fè w pa ka retounen.

Enfòmasyon an konfidansyèl.



Entèvyou

COMAR ap fè de entèvyou avè w pou pi piti. Nan premye a, l ap fè konesans avè w, e l ap ede w nan demach ou yo e l ap fè w gen aksè ak sèvis li yo. Nan dezyèm nan, l ap chèche wè pou ki rezon ou te kouri kite peyi w.



Atestasyon

COMAR ap ba w yon atestasyon pou demach yo ki pwouve ou kòmanse demach yo, donk yo pa ka fè w tounen nan peyi w.

Li posib pou yo ba w otorizasyon pou w kontinye demach yo san pwoblèm.

Atestasyon w lan ap valid sèlman nan eta (oswa Entidad Federativa) ou te kòmanse demach ou yo. Si w sòti nan eta a, y ap konsidere se kanpe w kanpe sou demach yo.



Desizyon pozitif

Ou se yon refijye, oubyen ou anba pwoteksyon leta!



Desizyon negatif


Si w pa dakò ak desizyon COMAR la, ou ka mande pou yo egzamine ka w la ankò.



Se pou w al siyen


Ou dve prezante w nan biwo INM yo pou w al siyen nan jou yo ba w yo.

Si w pa vin siyen, y ap konprann se kanpe w kanpe sou demach yo.



CURP Tanporè

Y ap fè w jwenn CURP Tanporè la ki se yon nimewo idantite pwovizwa k ap pèmèt ou gen aksè ak sèvis piblik yo.



Desizyon

COMAR ap egzamine ka w la, epi l ap fè w konn ki sa l decide.

Sa ka pran jiska 45 jou ki gen travay, plis 10 lòt jou ki gen travay, pou COMAR enfòme w desizyon li an pa mwayen INM.

Yo travay soti lendi pou rive vandredi, sof nan wikenn ak jou ferye.

ENPÒTAN

- Tout demach yo GRATIS.
- Si w gen prèv, ou ka prezante yo nan COMAR, men li pa obligatwa pou w genyen yo.
- Ou gen dwa pou yo ba w yon avoka gratis pandan demach yo.
- Ou ka mande pou yon tradiktè oswa yon entèprèt ede w.
- Leta pa w dwa pou w etidye nan peyi a e pou w jwenn swen sante.

Al kot ajan imigrasyon yo, epi fè yo konnen ou ta renmen fè demann pou w vin gen estati refijye.

Se Instituto Nacional de Migración (INM) k ap enfòme Comisión Mexicana de Ayuda a Refugiados (COMAR) sou demach ou yo.

COMAR se enstitisyon ki responsab pou l analize demann yo, epi pran desizyon ki gen rapò ak estati refijye yo nan peyi Meksik.

Ou ka fè demach yo GRATIS, e w pa oblije BAY OKENN PRÈV.



La Comisión Mexicana de Ayuda a Refugiados (COMAR): 5209 8800 ekstansyon 30147, 30208

La Comisión Nacional de los Derechos Humanos (CNDH) ap pwoteje dwa w: 800 715 2000

El Instituto Federal de Defensoría Pública (IFDP) ap ede w gratis si w gen pwoblèm legal: 800 224 2426

La Agencia de la ONU para los Refugiados, ACNUR, ap enfòme w e l ap ede w: 800 226 8769



ConfiaEnElJaguar



GOBIERNO DE MEXICO

GOBERNACIÓN SECRETARÍA DE GOBERNACIÓN

COMAR COMISIÓN MEXICANA DE AYUDA A REFUGIADOS



CNDH MEXICO



Instituto Federal de Defensoría Pública



UNHCR ACNUR La Agencia de la ONU para los Refugiados